




**Kijan Pou Jwenn**

**SÈVIS SANTE MANTAL ak  
ITILIZASYON SIBSTANS  
NYC POU TOUT REZIDAN  
VIL NOUYÒK**




Eskane QR kòd sa a pou telechaje gid sa a nan diferan lang  
ak lòt gid sou sante mantal.



1. Louvri aplikasyon kamera a sou aparèy ou
2. Pwente kamera a sou QR kòd la
3. Tape sou lyen ki parèt la
4. Chwazi yon gid epi telechaje li

### **Kòmmande kopi gratis gid sa a:**

Tanpri voye yon imèl bay Biwo Majistra pou Sante Mantal Kominotè a nan [ContactOCMH@cityhall.nyc.gov](mailto:ContactOCMH@cityhall.nyc.gov) pou kòmmande kopi enprime gratis gid resous sa a ki pral delivre dirèkteman nan biwo ou.



Maladi mantal yo se youn nan kondisyon sante ki pi komen Ozetazini. Youn nan chak senk granmoun k ap viv nan Vil Nouyòk (NYC) fè eksperyans yon kondisyon sante mantal pandan yon ane, epi anpil nan yo tou lite ak maladi ki devlope nan itilize sibstans. Sa vle di tout moun konnen yon moun ki bezwen sipò ak konpasyon san diskriminasyon ak estigmatizasyon.

Jwenn èd bonè enpòtan anpil yon fwa sentòm pwoblèm sante mantal yo konmanse parèt. Chèche ak resevwa tretman bonè ka anpeche sityasyon an vin pi mal, amelyore kalite lavi, epi diminye soufrans.

Bezwen sante mantal ak itilizasyon sibstans yo genyen plizyè fòm. Tretman ak sèvis ki koute ti kras kòb oswa ki gratis disponib nan plizyè lang, nan katye atravè NYC, ke moun nan gen asirans medikal ou pa, kèlkeswa laj, estati imigrasyon, enplikasyon li ak sistèm jistis kriminèl, estati lojman, oswa kapasite pou l peye.

Rekiperyasyon de kondisyon sante mantal ak itilizasyon sibstans posib pou moun tout orijin ak kilti. Se yon eksperyans pèsònèl ki diferan pou chak moun. Pou kèk moun, sa ka vle di absans konplè sentòm yo; pandan ke pou lòt moun, sa ka vle di viv yon lavi ki gen sans pandan y ap fè fas ak sentòm ki pèsiste.

Avèk resous ak sipò ki apwopriye, chak moun ka viv yon lavi ki fè sans e ki ranpli ak bonè.

### **Konsènan Biwo Majistra pou Sante Mantal Kominotè (Mayor's Office of Community Mental Health, OCMH):**

OCMH te etabli nan mwa Desanm 2021 kòm premye biwo majistra ki dedye a ankouraje sante mantal pou rezidan Vil Nouyòk yo. OCMH kolabore ak ajans vil yo pou redwi baryè ki anpeche kominote marginalize yo jwenn swen sante mantal ak itilizasyon sibstans atravè devlopman politik ak estrateji, edikasyon piblik ak founisè yo, konpòtman devlopman mendèv sante, ak tès ak sipò pou aplikasyon pratik livrezon sèvis kalite. Vil Nouyòk gen yon pakèt sèvis sante mantal ak itilizasyon sibstans. Nou espere gid sa a ka ede w konprann ki sèvis ki disponib epi kijan pou jwenn sèvis ki apwopriye pou ou, pou moun ou renmen ak pou kominote w la.

Pou plis enfòmasyon sou sèvis sante mantal ak itilizasyon sibstans nan NYC, vizite [Biwo Majistra pou Sante Mantal Kominotè](https://www.nyc.gov/mentalhealth) nan [nyc.gov/mentalhealth](https://www.nyc.gov/mentalhealth).

# Tab Matyè

Jwenn Èd Kounya	5
Jwenn Tretman Lopital	12
Jwenn Èd pou Moun ki gen Difikilte pou Rete Konekte ak Swen	14
Jwenn Èd pou Timoun, Jèn, ak Fanmi	16
Jwenn Èd pou Granmoun Aje ak Veteran ak Sivivan Vyolans	18
Jwenn Èd pou Rekonekte ak Travay, Lekòl, Fanmi, Zanmi ak Kominote Lokal la	19
Jwenn Asirans Sante	21
Jwenn Lojman Sipò ak Sibvansyone pou Moun ki Gen Kondisyon Sante Mantal	22
Opòtinite Karyè pou Moun ki gen Pwoblèm Sante Mantal	23
Travay epi Resevwa Benefis An Menm Tan	25
Stigma ak Rekiperasyon	26

# Jwenn Èd Kounye a

Anpil moun konn konfonn ki nimewo telefòn pou yo rele pou jwenn èd nan tan apwopriye pou diferan kalite sitiyou sante mantal: gen kèk ijans ki mande asistans imedyà; gen kèk ki ka sitiyou kriz ijans ki bezwen atansyon rapid men pa imedyà; pandan ke lòt yo ka pratik byennèt woutin. Seksyon ki annapre yo pral ede w konprann ki nimewo pou rele selon kalite sitiyou sante mantal ou menm oswa yon lòt moun ap sibi.

## ÈD IJANS: 911

**Si yon moun an danje imedyà pou fè tèt li oswa lòt moun mal, oswa si li bezwen atansyon medikal imedyà, rele 911.**

Yon ijans se yon sitiyou ki menase lavi oswa ki kapab vyolan ki mande yon repons imedyà.

Kèk egzanp ijans sa yo se lè yon moun:

- ap pale sou swisid, gen yon plan espesifik, epi ap pran mezi pou reyalize li, espesyalman si moun nan gen yon istwa tantativ swisid epi li fèk soti lopital.
- ap eksprime panse oswa entansyon fè lòt moun mal oswa touye yon moun.
- ap fè eksperyans nouvo sentòm sikotik oswa sentòm sikotik k ap vin pi grav, tankou wè oswa tande bagay lòt moun pa ka wè oswa tande, sa ki lakòz soufrans ak ajitasyon.
- ap fè tèt li oswa yon lòt moun mal fizikman.
- an danje pou yon ijans medikal.
- gravman dezoryante ak konfonn, pa egzanp, pa konnen ki moun oswa ki kote yo ye.
- ap fè eksperyans yon surdòz dwòg oswa entoksikasyon ki mennen nan konpòtman danjere.

911 ta dwe itilize pou kalite ijans wo nivo sa yo ki bezwen repons imedyà. Rele 911 aktive ofisye lapolis ak/oswa pèsònèl Sèvis Medikal Ijans (Emergency Medical Services, EMS) pou reponn epi evalye sitiyou an pou detèmine pwochen etap yo. Nan anpil nan ka sa yo, yo ka mennen yon moun lopital pou resevwa plis evalyasyon.

# Jwenn Èd Kounye a

Nan kèk katye, baze sou deskripsyon sikonstans ak bezwen yo, operatè 911 yo fòme pou fè triyaj epi asiyen apèl sante mantal ki pa vyolan e ki pa gen anpil risk bay ekip espesyalize ki gen pèsònèl EMS ak pwofesyonèl sante mantal. Sa fè pati pwogram pilòt Divizyon Repons pou Asistans Ijan pou Sante Konpòtman B-HEARD (Behavioral Health Emergency Assistance Response Division B-HEARD). Pou plis enfòmasyon sou pwogram sa a, tanpri vizite <https://mentalhealth.cityofnewyork.us/b-heard>.

# Jwenn Èd Kounye a

## ÈD POU SITIYASYON KRIZ SANTE MANTAL KI PA IJANS: 988

Pou sitiyasyon ki pa ijans lè ou menm oswa yon lòt moun ap fè eksperyans yon kriz sante mantal oswa itilizasyon sibstans epi bezwen atansyon rapid, rezidan Vil Nouyòk ka rele 988 pou tèl yo oswa pou yon lòt moun 24 sou 24, chak jou nan ane a. Sipò disponib pou moun tout laj ak nan plis pase 200 lang.

- Jwenn Sèvis nan [nyc.gov/988](https://nyc.gov/988)
- Rele oswa Tèks 9-8-8
- Chat Kounye a nan [988lifeline.org/chat/](https://988lifeline.org/chat/) (disponib kounye a sèlman an Anglè)
- Español 9-8-8, Aprete 2
- Moun ki soud oswa ki gen pwoblèm tande: Itilize sèvis relè ou pi pito a oswa rele 711 answit 988. Konsyè 988 yo resevwa fòmasyon pou aksepte apèl nan men moun ki soud ak moun ki mal pou tande yo lè yo itilize sèvis relè videyo
- Liy Kriz pou Veteran: Rele 988, peze 1
- LGBTQIA+ ak Jèn ak Jèn Adilt: Rele 988, peze 3

Lè ou rele 988, ou vreman ap kontakte yon nimewo santral pou tout peyi Etazini, epi selon kòd zòn ou, apèl la pral dirije nan sant apèl lokal 988 pou zòn jeyografik sa a. Si nimewo w ap rele a pa gen yon kòd zòn NYC epi ou vle jwenn sèvis ki baze nan Vil Nouyòk, ou dwe mande espesyalman pou NYC 988. Kòd zòn NYC yo se: 212, 332, 347, 646, 718, 917 ak 929.

Konsyè kriz NYC 988 yo ka ofri w sipò imedyat, entèvansyon kriz, konsyè pou prevansyon swisid, sipò emosyonèl, estrateji pou siviv/jere sitiyasyon, koneksyon ak espesyalis sipò ant kanmarad yo, ak referans pou resous oswa sèvis adisyonèl selon bezwen ou. Konsyè kriz ak espesyalis sipò ant kanmarad yo ka itil anpil nan prevansyon yon kriz pou l pa vin pi grav.

Espesyalis sipò ant kanmarad yo resevwa fòmasyon ak sètifikasyon pou bay sipò ak enfòmasyon lè yo itilize pwòp eksperyans yo ak yon kondisyon sante mantal ak/oswa pwoblèm nan abize sibstans tankou dwòg.

# Jwenn Èd Kounye a

Sitiyasyon kriz sante mantal mande yon repons rapid pou anpeche yo vin pi grav. Men kèk egzanp sou sitiyasyon kriz yo ki se lè yon moun ap:

- fè fas ak yon kriz konpòtman, emosyonèl, oswa sikyatrik fò ki ka oswa ka pa deklanche pa yon evènman tankou ekspoze ak twomatis oswa vyolans.
- gen panse sou swisid, men pa gen yon plan oswa yon dosye nan tantativ swisid. (Yon moun ta dwe rete ak moun nan jiskaske yon pwofesyonèl sante mantal adrese sitiyasyon an.)
- pale/aji san li pa fè sans, ajite, men pa gen okenn risk oswa entansyon fè tèt yo oswa yon lòt moun mal fizikman.
- fè eksperyans yon estrès ki akablan, gwo detrès oswa yon ogmantasyon nan sentòm sante mantal yo.
- gen gwo difikilte pou jere emosyon yo.

Si yon repons an pèsòn nesèsè pou adrese yon sitiyasyon kriz, konseyè kriz NYC 988 yo ka voye yon Ekip Kriz Mobil pou dezskalasyon nan kèk èdtan ant 8am ak 8pm chak jou.

**Ekip Kriz Mobil:** Yon Ekip Kriz Mobil se yon gwoup pwofesyonèl nan domèn sante mantal — tankou travayè sosyal ak espesyalis sipò ant kanmarad — ki ka bay sèvis dezskalasyon, evalyasyon, ak koneksyon ak sipò kontinyèl pou moun k ap fè fas ak kriz sante mantal.

- Sèvis yo bay prensipalman nan kay moun yo, osi byen ke nan lekòl pou timoun ki ap fè fas ak kriz. Ekip Kriz Mobil disponib nan tout senk minisipalite yo.
- Ekip Kriz Mobil yo reponn a referans ki fèt ant 8am ak 8pm epi yo tipikman bay yon vizit an pèsòn nan kèk èdtan.
- Sèvis yo gen ladan entèvansyon kriz, dezskalasyon, evalyasyon ak koneksyon ak tretman kontinyèl pou sante mantal ak itilizasyon sibstans.
- Sèvis sa a se pou moun ki pa gen bezwen èd ijans medikal oswa sante mantal imedyatman.

Si ou se yon founisè ki vle fè yon referans bay yon Ekip Kriz Mobil, tanpri al gade paj Founisè a [nyc.gov/988](https://nyc.gov/988) oswa rele 988.

# Jwenn Èd Kounye a

## NYC 988 – Liy dirèk pou Sante Mantal ak Itilizasyon Sibstans nan Vil Nouyòk

NYC 988 se yon liy dirèk pou tout rezidan Vil Nouyòk jwenn sipò ak enfòmasyon sou sante mantal ak itilizasyon sibstans ki gratis ak konfidansyèl (an sekre), kèlkeswa si moun nan gen asirans sante ou pa, laj li, estati imigrasyon li, enplikasyon li nan sistèm jistis kriminel la, estati lojman, oswa kapasite pou l peye.

Anplis rele oswa voye tèks bay NYC 988 pou konekte dirèkteman ak yon konseyè kriz fòmè oswa yon espesyalis sipò ant kanmarad pou sipò emosyonèl imedya, yon moun ka itilize NYC 988 pou jwenn enfòmasyon sou yon pakèt resous ak sèvis Vil Nouyòk ofri. Lè w rele NYC 988 pou referans sèvis, bay detay sou pwoblèm sante mantal oswa itilizasyon sibstans ak difikilte moun nan ap sibi ede konseyè kriz la idantifye resous ki pi apwopriye pou li. Konseyè kriz NYC 988 bay sipò imedya ak konsèy men yo pa bay sipò kontinyèl. Si ou vle, ou ka mande yon swivi pou asire yon referans te reyisi epi ou te kapab enskri pou resevwa sèvis yo.

NYC 988 ofri sèvis sa yo:

- Konsèy kout tèm
- Prevansyon swisid ak lòt sipò kriz
- Sipò ant kanmarad/zanmi
- Enfòmasyon ak referans

Rezidan Vil Nouyòk yo ka kontakte NYC 988 pou tèt yo oswa pou yon lòt moun, tankou yon paran oswa yon moun ki pran swen, yon manm fanmi (ki gen ladan yon timoun), yon moun yo renmen tankou yon zanmi oswa yon patnè, ak vwazen (menm si ou pa konnen yo pèsònèlman). Sipò disponib pou moun tout laj ak nan plis pase 200 lang.

- Jwenn Sèvis nan [nyc.gov/988](https://nyc.gov/988)
- Rele oswa Tèks 9-8-8
- Chat Kounye a nan [988lifeline.org/chat/](https://988lifeline.org/chat/) (disponib kounye a sèlman an Anglè)
- Español 9-8-8, Aprete 2
- Moun ki soud oswa ki gen pwoblèm tandè: Itilize sèvis relè ou pi pito oswa rele 711 epi 988. Konseyè 988 yo resevwa fòmasyon pou aksepte apèl nan men moun ki soud ak moun ki mal pou tandè lè yo itilize sèvis relè videyo.
- Liy Kriz pou Veteran: Rele 988, peze 1
- LGBTQIA+ ak Jèn ak Jèn Adilt: Rele 988, peze 3

# Jwenn Èd Kounye a

Lè ou rele 988, ou vreman ap kontakte yon nimewo santral pou tout peyi Etazini, epi selon kòd zòn ou, apèl la pral dirije nan sant apèl lokal 988 pou zòn jeyografik sa a. Si nimewo w ap rele a pa gen yon kòd zòn NYC epi ou vle jwenn sèvis ki baze nan Vil Nouyòk, ou dwe mande espesyalman pou NYC 988. Kòd zòn NYC yo se: 212, 332, 347, 646, 718, 917 ak 929.

Rezidan Vil Nouyòk ki gen asirans sante epi ki bezwen sipò sante mantal ki pa ijans kapab jwenn pwofesyonèl sante mantal lè yo kontakte konpayi asirans yo.

Pou plis enfòmasyon sou kijan pou jwenn yon pwofesyonèl sante, ale nan paj Konprann ak Aksè pou Swen Sante Konpòtman sou sitwèb OCMH [nyc.gov/mentalhealth](http://nyc.gov/mentalhealth).

# Jwenn Èd Kounye a

## ÈD POU YON MOUN KI KA SAN ABRI

Si sitiyou an pa sanble yon ijans, ou ka jwenn èd pou yon moun ki ka ap fè eksperyans sanabri lè ou rele 311 epi mande yon ekip entèvansyon lari oswa [sòmèt yon Demann Sèvis sou entènèt](#) atravè [311 Online](#). Ekip entèvansyon lari yo ofri asistans, manajman dosye kontinyèl, ak evalyasyon pou kriz medikal, sante mantal oswa itilizasyon sibstans.

### Sonje:

**RELE oswa TÈKS 911** pou yon ijans si yon moun an danje fè tèt yo oswa yon lòt moun mal oswa si yo bezwen atansyon medikal imedyata. Rele 911 aktive ofisye lapolis ak/oswa pèsònèl Sèvis Medikal Ijans pou reponn.

**RELE, TÈKS, OSWA CHAT 988** pou sipò sante mantal ak itilizasyon sibstans ki pa ijans, enfòmasyon sou ak koneksyon ak sèvis sante mantal ak itilizasyon sibstans.

**RELE 311 oswa TÈKS 311-692** pou asistans pou moun ki ka ap fè eksperyans sanabri.

Si w ap chèche sèvis pou yon lòt moun, **toujou bay plis detay posib** sou rezon ki fè ou panse yo bezwen èd. Prepare w pou dekri:

- Konpòtman yo ki bay enkyetid ki fè wap rele
- Kote moun nan ka ye oswa nan ki direksyon yo deplase
- Si ak kijan yo ka kontakte moun nan
- Konbyen tan ou remake ke gen yon nesosite pou èd la

Detay sa yo ka ede founisè yo reponn ak kalite sipò ki apwopriye.

# Jwenn tretman nan lopital

## OSPITALIZASYON SYKIATRIK AK VIZIT NAN DEPATMAN IJANS

### Vizit nan Depatman Ijans

Anplis de Depatman Ijans tradisyonèl yo, kèk lopital nan NYC gen yon depatman ijans espesyal ki dedye a sitiyasyon kriz mantal ak emosyonèl grav e ki entans, yo rele Pwogram Ijans Sikyatrik Konplè (Comprehensive Psychiatric Emergency Programs, CPEP). Tankou nenpòt depatman ijans, CPEP yo louvri 24 èdtan, 7 jou pa semèn, ofri moun ki gen kriz la evalyasyon pou detèmine ijans, estabilizasyon, obsèvasyon, evalyasyon, tretman kout tèm. Anplis de moun ki vini san randevou, moun ka ale nan yon CPEP nan divès fason, tankou referans nan men founisè yo, transpò nan anbilans, ak transpò pa lapolis. Anplwaye CPEP yo ap fè yon efò rezonab pou jwenn plis enfòmasyon posib nan men moun k ap akonpaye yo nan CPEP la. CPEP yo disponib nan chak Minisipalite.

**Rele 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692)** pou jwenn Pwogram Sèvis Ijans Sikyatrik Konplè (CPEP) nan NYC Health + Hospitals ki pi pre ou, oswa vizite [nyc.gov/988](https://nyc.gov/988), klike sou "Find Services" nan meni an pou jwenn tout CPEP nan Vil Nouyòk.

### Swen Ijan

New York City Health + Hospitals ofri tou swen ijan sante mantal ak itilizasyon sibstans vityèl yo rele Virtual ExpressCare pou pwoblèm ki pa ijans 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Atravè sèvis sa a, pasyan yo ka pale ak yon founisè sou demann atravè videyo oswa telefòn pou jwenn èd sou anksyete, depresyon, estrès, fatige, twoub itilizasyon sibstans, kriz retrèt oswa emosyonèl.

Pou jwenn aksè Virtual ExpressCare, vizite: <https://expresscare.nyc> oswa **oswa rele 631-EXP-CARE (397-2273)**.

# Jwenn tretman nan lopital

## Ospitalizasyon Sikyatrik

Swen etène oswa tretman sikyatrik nan lopital ka ede estabilize moun k ap fè eksperyans sentòm sante mantal grav ki mande sipèvizyon ak tretman entansif. Pou egzanp, yon moun ka gen youn oswa plis nan sentòm sa yo:

- Panse oswa aksyon aktif pou fè swisid
- Depresyon grav oswa mani
- Sikoz (pèdi kontak ak reyalite)
- Konpòtman danjere anvè tèt yo oswa lòt moun
- Panse oswa konpòtman dezòdone
- Enkapasite pou pran swen tèt ou oswa kenbe sekirite

Pandan yon sejou lopital, doktè ak lòt pwofesyonèl sante mantal etabli yon dyagnostik epi yo kòmanse yon plan tretman an kolaborasyon avèk pasyan an. Ospitalizasyon ka dire plizyè jou oswa plis pandan yon pasyan ap estabilize.

Pèsonèl lopital la pral kontakte ak angaje ak manm fanmi ak founisè kominotè yo pou kreye yon plan pou kite lopital la avèk pasyan an pou asire pasyan an gen yon kote ki an sekirite pou li retounen epi ka kontinye tretman apre li kite lopital la. Ap gen kontak swivi apre egzeryat pou asire pasyan an te kapab pran randevou pou sèvis ki te dekri nan plan tretman an.

# Jwenn Èd pou Moun ki Gen Pwoblèm pou Rete Konekte ak Swen

## SÈVIS TRETMAN AK SIPÒ FLEKSIB POU MOUN KI GEN KONDISYON SANTE MANTAL KI SERVE

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk ofri yon varyete sèvis pou rezidan Nouyòk ki gen kondisyon sante mantal grav ki gen gwo bezwen sèvis oswa bezwen konplèks men ki pa kapab konekte oswa rete konekte ak sèvis ki bay nan yon kote fiks. Kondisyon sante mantal grav yo enkli yon seri de twoub sante mantal ki gen yon enpak siyifikatif sou byennèt yon moun ak kapasite li pou fonksyone chak jou, tankou al travay oswa lekòl oswa angaje ak fanmi. Kondisyon sa yo ka gen ladan eskizofreni, twoub bipolè, ak depresyon sevè, ki souvan mande tretman ak sipò espesyalize. Sèvis espesyalize sa yo ka gen ladan kowòdinasyon swen oswa sipò klinik kontinyèl ki soti nan yon ekip tretman mobil ki gen diferan pwofesyonèl sante mantal.

Yon referans nesèsè pou sèvis sa yo, epi founisè sante mantal pasyan an pou kout tèm oswa entènè ka kòmanse pwosesis la pou kalifye moun nan pou sèvis sa yo.

- Vizite [Sit Entènèt pou Sèl Pwen Aksè nan Sante Mantal](#) pou plis enfòmasyon.

Sit entènèt sa a gen yon deskripsyon sèvis ki disponib pou timoun ak granmoun ak kondisyon pou soumèt yon referans, ki gen ladan yon evalyasyon sikososyal resan ak yon fòm konsantman kliyan.

- Pou repons kesyon sou Sèl Pwen Aksè (Single Point Of Access, SPOA) pou granmoun, voye yon imèl nan [SPOA@health.nyc.gov](mailto:SPOA@health.nyc.gov), oswa **rele 347-396-7258**
- Pou repons kesyon sou Sèl Pwen Aksè pou Timoun (Children's Single Point Of Access, CSPOA), oswa pwosesis referans, **rele 347-396-7205**

Pou moun k ap fè tranzisyon soti nan ospitalizasyon sikyatrik tounen nan kominote a, gen yon pwogram ki rele [Pathway Home™ – CBC \(cbc.org\)](#) ki bay sèvis jesyon swen entansif, mobil, oswa a kout tèm.

**Voye yon imèl nan [PathwayHomeInfo@cbc.org](mailto:PathwayHomeInfo@cbc.org) oswa rele (646) 930-8841** pou plis enfòmasyon ak pou diskite sou yon referans si posib.

# Jwenn Èd pou Moun ki Gen Pwoblèm pou Rete Konekte ak Swen

## ÈD ENTANSIF POU MOUN KI GEN DIFIKILTE POU RETE KONEKTE AK TRETMAN EPI KI NAN GRAN RISK POU FÈ TÈT YO OSWA LÒT MOUN MAL LÈ YO PA TRETE

Nan Eta Nouyòk, moun ki gen maladi mantal ki gendwa pa kapab viv an sekirite nan kominote a san sipò entansif ak pèsonealize, yon tribinal ka oblije mande pou yo angaje nan sèvis sante mantal dapre yon lwa ki rele Asistans Tretman pou Pasyan Ekstèn (Assisted Outpatient Treatment, AOT), oswa Lwa Kendra [Asistans Tretman pou Pasyan Ekstèn \(ny.gov\)](#).

Sèvis sa yo apwopriye pou ka ki ra kote yon moun te fè antre sòti etèn lopital psikiyatrik ak vizit nan depatman ijans pandan plizyè ane, epi yo pa rete angaje nan okenn kalite sèvis sante mantal pou kont yo epi yo pa kapab kenbe estabilite mantal pandan yon peryòd tan ki pwolonje ase pou avanse ak objektif lavi yo.

Nan Eta Nouyòk, moun ki ka fè petisyon pou Asistans Tretman pou Pasyan Ekstèn (AOT) anba Lwa Kendra ka yon moun ki gen kontak pèsonel oswa pwofesyonèl ak moun ou konsène pou li a. Sa a gen ladan manm fanmi pwòch, kolokasyon, pwofesyonèl swen sante, founisè tretman, ofisye koreksyon, libète pwovizwa, oswa ofisye pwobasyon yo. Sepandan, tribinal la dwe detèmine si moun nan satisfè kritè legal yo pou AOT. Yon fwa kalifikasyon an detèmine, jij la bay yon plan tretman ki gen ladann koòdinasyon swen ak lòt sèvis nesèsè yo. Lè sa a, moun nan pral konekte ak pwogram AOT Vil la ki opere pa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC, ki pral kontwole adherans yo nan plan tretman obligatwa a pou ede yo viv epi rete avèk siksè nan kominote a.

Pou aprann plis sou pwosesis AOT la, [vizite paj AOT nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal](#), oswa rele youn nan nimewo prensipal Pwogram Asistans Tretman pou Pasyan Ekstèn yo:

- **Ekip AOT Manhattan: 1-347-396-7373**
- **Ekip AOT Queens: 1-347-396-7004**
- **Ekip AOT Bronx: 1-347-396-7375**
- **Ekip AOT Brooklyn/Staten Island: 1-347-396-7374**

# Jwenn Èd pou Timoun, Jèn, ak Fanmi

## ÈD POU TIMOUN, JÈN AK FANMI

Pou resous sante mantal ak sipò pou timoun, jèn ak fanmi, ou ka rele, tèks, oswa chat 988 24 sou 24, 7 jou sou 7 – apèl yo konfidansyèl (an sekre). Moun k ap pran swen timoun yo ka rele tou epi mande èd pou pitit yo.

Sipò ak resous sante mantal yo disponib tou pou tout timoun nan lekòl piblik Vil Nouyòk ak fanmi yo. Mande Koòdonatè Paran Lekòl la, Travayè Sosyal Lekòl la, oswa Konseye Pedagojik la pou plis enfòmasyon, oswa vizite <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/mental-health> pou aprann kijan pou jwenn aksè nan sèvis sante mantal nan lekòl piblik Vil la.

Sèvis sipò ant kanmarad yo disponib pou fanmi ak jèn yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: <https://www.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/mh/fam-sup-dir.pdf>

**NYC Teenspace** se yon pwogram sipò sante mantal gratis ki disponib pou nenpòt adolesan nan NYC ki gen laj 13 a 17 an. Pou yon jèn moun, kit ou gen difikilte ak pwoblèm sante mantal oswa ou jis vle pale ak yon moun, ou ka enskri nan Teenspace pou konekte ak yon terapèst lisansye pou sipò kontinyèl. Ou pral gen aksè tou a egzèsis sante mantal sou entènèt pou konplete nan pwòp ritm ou. Depatman Sante Vil Nouyòk ofri Teenspace epi Talkspace gen pouvwa pou jere li.

Swiv etap sa yo pou enskri:

1. [Vizite Talkspace at www.talkspace.com/coverage/nyc](http://www.talkspace.com/coverage/nyc) epi antre adrès ou ak dat nesans ou.
2. Antre enfòmasyon ak imèl paran ou oswa gadyen ou pou yo ka bay konsantman.
3. Ranpli yon evalyasyon sou entènèt senp pou pataje bezwen ak preferans sante mantal ou.

Aprè sa, yo pwal matche ou ak yon terapèst ki gen lisans pou sipò vityèl kontinyèl, w ap kapa jwenn aksè ak egzèsis sante mantal sou entènèt oswa toude. Ou gen chwa pou chanje terapèst si ou vle pou yo matche ou ak yon lòt terapèst pito.

# Jwenn Èd pou Timoun, Jèn, ak Fanmi

Pou **jèn adilt ki gen laj 16-30 an** k ap fè fas a chanjman inatandi nan pèsonalite, konpòtman oswa panse yo, OnTrack NY se yon pwogram tretman sante mantal ki ede jèn yo pi byen konprann kondisyon yo, epi pouswiv objektif yo pou lekòl, travay, ak relasyon. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte pwogram ki pi pre ou a nan:

<https://ontrackny.org/contact>.

**Konseye fanmi** (oswa terapi pou maryaj ak fanmi) avèk yon founisè pwofesyonèl sante mantal ka ede amelyore kominikasyon, ede ou ak manm fanmi ou pi byen konprann dinamik fanmi an, epi bati koneksyon ki pi fò ant youn ak lòt. Kit ou ap navige nan difikilte, oswa w ap chèche amelyore relasyon ou, konseye fanmi bay yon espas ki an sekirite pou travay sou pwoblèm yo epi bati yon lyen nan fanmi a ki pi fò. Ou ka kominike avèk founisè asirans pou jwenn yon lis terapè fanmi ki kouvri anba plan asirans ou a.

**NYC Health + Hospitals** ofri swen ekspè espesyalis terapè bileng ak kiltirèl ki reponn nan pwogram terapi pou fanmi yo ofri nan klinik atravè tout vil la. Pou pran randevou oswa jwenn sit NYC Health + Hospitals ki pi pre ou, rele **1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692)**.

# Jwenn Èd pou Granmoun Aje ak Veteran ak sivivan Vyolans

## ÈD POU GRANMOUN AJE

Sante mantal enpòtan pou chak etap nan lavi, menm lè nou aje. Si ou santi w tris, poukont ou, bezwen èd pou fè fas ak lapenn oswa nenpòt lòt bezwen sante mantal oswa ou gen kesyon sou sante mantal, ou ka konekte ak konsèy kriz ak enfòmasyon sou sèvis sante mantal ak itilizasyon sibstans 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan NYC 988. Enfòmasyon disponib tou pou moun k ap pran swen granmoun aje yo. Rele, tèks, oswa chat 9-8-8 epi mande sipò pou granmoun aje yo.

Granmoun rezidan Vil Nouyòk (60+) ki izole oswa ki rete lakay yo akòz difikilte sante kapab mande sipò volontè atravè pwogram Friendly Visiting. Granmoun aje yo ak volontè yo mache ansanm yo baze sou enterè, pastan, ak jewografi yo pataje. Vizit yo ka fèt nan kay granmoun aje a, sou telefòn oswa atravè videyo. Pou aprann plis sou Friendly Visiting ak lòt pwogram NYC Aging, rele **Aging Connect nan 1-212-244-6469**.

## ÈD POU VETERAN

Veteran yo ka jwenn sipò sante mantal lè yo rele Veterans Crisis Line: **Rele 988, epi peze 1**.

Veteran yo, manm fanmi yo, ak zanmi yo ka jwenn enfòmasyon sou resous ak sèvis sante mantal ak itilizasyon sibstans sou paj entènèt Sèvis Sante Mantal Depatman Veteran NYC nan: <https://www.va.gov/health-care/health-needs-conditions/mental-health/> **oswa rele 877-222-8387**. Sèvis Depatman Zafè Veteran Etazini (Department of Veterans Affairs, VA) gen ladan sipò ant kanmarad ak lòt veteran, konsèy, terapi, medikaman, oswa yon konbinezon de opsyon sa yo. Veteran yo kalifye pou kèk sèvis menm si yo pa enskri nan swen sante VA.

## ÈD POU SIVIVAN VYOLANS NAN RELASYON, VYOLANS DOMESTIK, TRAFIKE MOUN OSWA VYOLANS KI BAZE SOU SÈKS

**Rele 1-800-621-HOPE | (1-800-621-4673)** pou èd konfidansyèl (an sekre) 24 sou 24, 7 jou sou 7 oswa chèche sou entènèt pou resous kominotè atravè pòtay NYC Hope vil la, nan [www.nyc.gov/NYCHope](http://www.nyc.gov/NYCHope). Biwo Majistra pou Mete Fen nan Vyolans Domestik ak Vyolans Ki Baze sou Jan (Sèks) opere Sant Jistis pou Fanmi (Family Justice Centers) ki bay sèvis gratis, san randevou ki enkli sèvis imigrasyon, sèvis legal ak lwa fanmi, konsèy sante mantal, asistans lojman ak jesyon ka.

# Jwenn Èd Rekonekte ak Travay, Lekòl, Fanmi, Zanmi ak Kominote Lokal La

## SERVICES SÈVIS REYABILITASYON SANTE MANTAL KI NON KLINIK

Pou moun ki gen kondisyon sante mantal, souvan si kondisyon yo vin pi grav, fonksyone chak jou ka vin difisil, e sa ka afekte divès aspè nan lavi yo. Aktivite tankou travay, lekòl ak sosyalizasyon ka vin difisil, men gen sèvis reyabilitasyon sante mantal ki ka ede moun yo reprann fòs yo. Kèk moun ka pa enterese nan tretman klinik, alò sèvis reyabilitasyon yo ofri yon altènativ oswa sipò adisyonèl. Sèvis reyabilitasyon yo se sipò ki pa klinik pou moun ki gen kondisyon sante mantal grav dyagnostike, tankou eskizofreni, depresyon sevè ak twoub bipolè ki pa enplike medikaman sikyatrik oswa terapi pale, epi ou pa bezwen ap resevwa tretman pou jwenn aksè nan sèvis reyabilitasyon yo.

Sa yo se kalite sèvis reabilitasyon sante mantal ki disponib, epi ou ka jwenn pwogram espesifik nan anyè NYC 988 la lè ou tape kalite sèvis w ap chèche a nan bwat rechèch la sou paj Find Services nan: [nyc988.cityofnewyork.us/en/find-services](https://nyc988.cityofnewyork.us/en/find-services)

**Travay ki sipòte (reyabilitasyon pwofesyonèl):** Sèvis sa yo ede moun jwenn epi kenbe travay.

**Sèvis sipò edikasyon:** Sèvis sa yo ede moun antre epi gradye nan pwogram edikasyon fòmèl pou sipòte objektif karyè yo.

**Sipò ant kanmarad:** Sèvis sa yo bay sipò ak mantò pa yon espesyalis ki antrene ak sètifye e ki itilize pwòp eksperyans li ap viv ak yon kondisyon sante mantal ak/oswa itilizasyon sibstans.

**Clubhouse:** Pwogram sa yo ofri yon seri sèvis pou ede moun devlope zanmi pou tout lavi, jwenn epi kenbe travay, fini lekòl epi pase tan nan aktivite ki gen sans ak vale pou yo. Manm Clubhouse yo nan yon anviwònman ki an sekirite, amizan ak enèjik kote yo travay ansanm ak lòt moun k ap viv ak yon kondisyon sante mantal tou.

# Jwenn Èd Rekonekte ak Travay, Lekòl, Fanmi, Zanmi ak Kominote Lokal La

## GWROUP SIPÒ

Gwoup sipò sante mantal vini nan plizyè fòm, ki gen ladan gwoup ki gen pwofesyonèl kòm fasilatè avèk espesyalis sante mantal, fowòm sou entènèt pou sipò vityèl, gwoup sipò pou fanmi pou moun k ap pran swen oswa manm fanmi moun ki gen maladi mantal, oswa gwoup sipò pou ede pwòp tèt ou oswa ede lòt nan bay sipò ant kanmarad.

Pandan gwoup sa yo sèvi diferan bezwen ak preferans, yo itil epi tout gen pou objektif pou bay yon anviwònman ki an sekirite e ki bay sipò pou moun konekte, pataje ak aprann nan eksperyans youn ak lòt.

Pwogram sa yo ofri gwoup sipò pou anpil diferan sijè ak odyans ansanm ak resous sante mantal:

**Baltic Street Wellness Solutions – Rele (718) 833-5929** oswa ale nan:

<https://balticstreet.org/programs/advocacy/>

**NAMI NYC – Rele (212) 684-3264** oswa ale nan:

<https://naminycmetro.org/support-groups/>

# Jwenn Asirans Sante

Pou rezidan Vil Nouyòk ki pa gen asirans sante, Pwogram Aksè Swen Sante NYC Care garanti sèvis swen fizik, sante mantal, ak itilizasyon sibstans ki a pri ba oswa gratis. Tout sèvis yo bay atravè NYC Health + Hospitals.

**Pou enskri: Rele 1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273)** oswa vizite:  
<https://www.nyccare.nyc/>

Anpil rezidan Vil Nouyòk konbat pou jwenn founisè sante mantal ak itilizasyon sibstans ki nan rezo a, fè fas ak prim chè ak kopeman, epi risk pou yo pa resevwa swen ki ka sove lavi yo. Baryè sa yo leve enkyetid sou disparite potansyèl nan fason plan asirans sante yo trete aksè a sèvis sante mantal ak itilizasyon sibstans konpare ak lòt sèvis medikal oswa chirijikal. Lwa federal ak lwa Eta Nouyòk sou parite egzije pou pifò plan asirans sante konplè yo kouvri sèvis sante mantal ak itilizasyon sibstans ki nesèsè medikalman menm jan ak avantaj medikal ak chirijikal, san okenn limit adisyonèl.

Si plan asirans sante ou a refize sèvis oswa medikaman ou bezwen yo, oswa si ou kwè yo oblije w peye frè ki pa t prevwa san rezon, ou ka kontakte pwogram defans asirans sante Eta Nouyòk la pou swen sante mantal oswa twoub abi sibstans ki rele Aksè Sante Kominotè pou Adiksyon ak Swen Sante Mantal (Community Health Access to Addiction & Mental Healthcare Project, CHAMP). CHAMP fèt pou ede moun ak fanmi yo rezoud pwoblèm nan aksè sèvis sante mantal ak itilizasyon sibstans ki enplike refi plan asirans.

**Rele liy èd CHAMP gratis ak konfidansyèl nan 888-614-5400**

# Jwenn Lojman Sipòte ak Sibvasyon pou Moun ki gen Kondisyon Sante Mantal

**Lojman sipò** konbine lojman abòdab ak sèvis sipò pou moun ak fanmi k ap fè fas ak dives difikilte, tankou san-abri, maladi mantal, twoub itilizasyon sibstans oswa VIH/SIDA. Lojman sipò ak sibvasyon pou moun ki gen kondisyon sante mantal bay yon fondasyon ki estab pou rekipasyon, ki esansyèl espesyalman apre eksperyans tankou san-abri, entèn lopital, oswa prizon.

Gen de kalite lojman prensipal sipòte ki rele single-site oswa congregate ak scattered-site. Lojman congregate se nòmalman yon bilding apatman rezidansyèl ki sitiye nan kominote a kote chak moun oswa fanmi gen kaye prive epi yo ka pataje kwizin, zòn rekreyasyon komen oswa lòt enstalasyon. Lojman sipòte scattered-site konsiste de inite nan bilding apatman ki gaye nan tout yon katye oswa kominote, akonpaye pa sèvis sipò ki pa sou plas. Patisipasyon nan sèvis sa yo se volontè epi yo ka gen ladan:

- Jesyon ka
- Sèvis edikatif, pwofesyonèl ak lòt sèvis ki oryante sou rekipasyon
- Jesyon medikaman ak konsèy
- Asistans pou jwenn aksè nan benefis gouvènman an
- Referans pou sèvis medikal, swen sante mantal ak tretman pou itilizasyon dwòg ak alkòl
- Rekòmandasyon pou lòt sèvis ki nesèsè, tankou sipò legal

Pou chèche konnen si ou kalifye pou lojman sipòte ak pwosesis pou jwenn lojman sipòte, vizite paj wèb Lojman Sipòte Administrasyon Resous Imen NYC (Human Resources Administration, HRA) nan:

<https://www.nyc.gov/site/hra/help/supportive-housing.page>

# Opòtinite Karyè pou Moun ki Gen Kondisyon Sante Mantal

Èske w konnen ou ka touche lajan pou itilize eksperyans ou genyen ap viv ak yon kondisyon sante mantal pou ede lòt moun? Gen yon gwo demann pou anplwaye a plen tan oswa a tan pasyèl **Espesyalis Ant Kamarad ki Sètifye nan Leta Nouyòk**. NYS antrene ak sètifye Espesyalis ant Kamarad pou sipòte moun ki gen kondisyon sante mantal nan rekiperasyon yo, lè yo itilize pwòp eksperyans pèsònèl yo. Yo travay nan divès anviwònman, ki gen ladan pwogram sante mantal ki opere pa òganizasyon ki pa fè pwofi, klinik, ak lopital. Espesyalis ant kamarad ki Sètifye yo ede moun konprann kondisyon yo, aprann ladrès pou fè fas a twoub yo, jwenn aksè nan benefis piblik, konekte ak sèvis sante mantal, ak plis ankò. Nivo edikasyon ki nesèsè se yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalans. Eta Nouyòk ak Vil Nouyòk kouvri frè fòmasyon ak sètifikasyon yo. Ou ka konplete fòmasyon yo bay nan klas yo nan pwogram sa yo:

Aksè Kominote Howie the Harp pou Pwogram Fòmasyon ant Kamarad:

- **Rele (212) 865-0775** oswa ale nan: [https://www.communityaccess.org/index.php?option=com\\_content&view=article&id=1052](https://www.communityaccess.org/index.php?option=com_content&view=article&id=1052)

Akademi ant Kamarad Lopital Creedmoor:

- **Rele (718) 464-7500** oswa ale nan: <https://nyconnects.ny.gov/services/peer-counseling-academy-omh-pr-900500005080>

Akademi ant Kamarad NYC Health + Hospitals:

- **Rele (212) 788-3524** oswa ale nan: <https://www.nychealthandhospitals.org/pressrelease/nyc-health-hospitals-expands-behavioral-health-workforce-with-50-peer-academy-graduates/>

Pwogram Fòmasyon ant Kamarad pou Espesyalis Sante Mantal nan LaGuardia Community College:

- **Rele (718) 482-5398** oswa ale nan: <https://www.laguardia.edu/ce/career-skills-training/mental-health-peer-specialist-training-program/>

Pwogram Fòmasyon ant Kamarad nan Northwell Health:

- **Rele (718) 264-1789** oswa ale nan: <https://jobs.northwell.edu/blog/2020/10/30/the-vital-role-of-peer-advocates-at-zucker-hillside-hospital/>

# Opòtinite Karyè pou Moun ki Gen Kondisyon Sante Mantal

Ou ka konplete fòmasyon an sou Entènèt tou lè w ale nan Akademi Sèvis Kanmarad nan Inivèsite Rutgers nan:

<https://www.academyofpeerservices.org/>

Pou jwenn enfòmasyon sou pwosesis sètifikasyon ak egzijans, vizite Komisyon Konsèy Sètifikasyon Espesyalis Ant Kanmarad Eta Nouyòk la nan:

<https://nypsc.org/>

Gen opòtinite travay pou moun ki, anplis de gen yon kondisyon sante mantal, gen eksperyans pèsònèl nan sistèm jistis kriminèl la, sanabri, oswa itilizasyon sibstans, osi byen pou moun ki pale panyòl.

Pou aprann plis sou wout karyè nan domèn sante mantal ak itilizasyon sibstans, vizite <https://mentalhealth.cityofnewyork.us/workforce>

# Travay epi Kolekte Benefis An Menm Tan

## PWOGRAM ANKOURAJMAN TRAVAY ADMINISTRASYON SEKIRITE SOSYAL

Èske w konnen si yon moun ap resevwa Revni Sekirite Sosyal Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) oswa Asirans Andikap Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI) akòz yon andikap, yo ka kolekte benefis yo epi kenbe salè travay ou an menm tan pandan yon peryòd esè pwolonje? Administrasyon Sekirite Sosyal la gen yon pwogram espesyal enkantasyon travay ki rele Ticket to Work pou motive moun pou yo ka amelyore sitiyasyon finansye yo pou reyalize objektif lavi yo.

Tou depan de salè ou, benefis ou yo ka kòmanse diminye evantyèlman, men ka w la pa janm fèmen nèt. Si w gen yon dezavantaj epi w bezwen reprann benefis yo nèt, Sekirite Sosyal ka relouvri ka w la avèk efikasite. Anplis de sa, w ap toujou gen opòtinite pou kenbe benefis Medicaid ou yo si w vle.

Pou plis detay, tanpri ale nan lyen sa a sou sit entènèt Administrasyon Sekirite Sosyal la: <https://www.ssa.gov/work/>. Ou ka menm kalkile konbyen plis revni ou pral genyen lè w ap travay. Pa ezite pran aksyon; ou pa gen anyen pou pèdi epi ou ka genyen anpil lè w bay travay yon chans!

# Estigma ak Rekiperasyon

## ELIMINE ESTIGMA ANVÈ MOUN KI GEN KONDISYON SANTE MANTAL

Rechèch montre ke youn nan rezon prensipal pouki moun ki gen kondisyon sante mantal pa chèche èd se paske gen estigma ki egziste nan piblik la. Rechèch montre tou youn nan metòd ki pi efikas pou diminye estigma se lè moun ki gen kondisyon sante mantal pataje istwa rekiperasyon yo ouvètman. Kèlkeswa nivo edikasyon oswa sityasyon finansye yon moun, estigma ki asosye ak kondisyon sante mantal afekte tout moun egalman.

Si ou gen yon kondisyon sante mantal epi ou vle pataje istwa ou, tanpri konsidere fè sa, paske pale ouvètman ka ede elimine estigma nan kominote nou yo.

Si ou ta renmen sipòte pwogram eliminasyon estigma Eta Nouyòk yo, tanpri make kare sa a sou fòm Deklarasyon Taks (Enpo) sou Revni Eta NY ou an.

## Èske gid sa a te itil?

Biwo Majistra pou Sante Mantal Kominotè ta renmen konnen si gid sa a te itil epi si gen fason pou amelyore li. Tanpri pran kèk minit pou ranpli sondaj sou entènèt nou an lè ou eskane kòd QR ki anba a oswa vizite lyen sa a:

<https://forms.office.com/g/Fuec3tES12>



**EKSANE kòd QR sa a pou pran sondaj sou entènèt la sou ki jan gid sa a te itil pou ou ak fason pou amelyore li.**

1. Louvri aplikasyon kamera a sou aparèy ou an
2. Pwente kamera a sou kòd QR a
3. Tape sou lyen ki parèt la
4. Ranpli sondaj la

### **Kòmmande kopi gratis gid sa a:**

Tanpri voye yon imèl bay Biwo Majistra pou Sante Mantal Kominotè nan [ContactOCMH@cityhall.nyc.gov](mailto:ContactOCMH@cityhall.nyc.gov) pou kòmmande kopi enprime gratis gid resous sa a ki pral delivre dirèkteman nan biwo ou.



**NYC** <sup>TM</sup> | Mayor's Office of  
Community  
Mental Health

Dwa Otè ©2024